

Nasib Wanita dina Alam Pikiran Wanita

Ku Agus Suherman

UNGGAL masalah *gender* dipangdungdengkeun sarta dijadikeun bahan catur, hal anu pangheulana nyangkaruk dina lelembutan téh utamana ngeunaan rasa “kateuadilan”. Éta hal gampang karasa alatan urang geus remen nyaksian yén wanita sok ditempatkeun minangka cau pangsisina. Hal sarupa kitu téh malah geus lumangsung rewuan tahun ka tukang saperti anu kaungkab dina mitologi Yunani, nyaéta nalika Déwa Apollo matotoskeun jeung nyieun hiji putusan kalawan nyebutkeun yén indung téh lain kolotna budak. Kajadian anu méh sarua kaalaman di Nigéria saperti anu kaunggel dina ungkara anu dianut ku éta bangsa, yén : “*lamun budak soleh tur hadé paripolahna, éta téh anak bapana, sarta lamun budak bangor tur badeur kalakuannana, éta budak téh anak indungna*”. Éces sarta karasa pisan teu adil tur mihakna éta ungkara téh. Upama paripolah budak teu parok jeung norma moral katut papagon agama, kasalahan sarta tanggung jawabna ditibankeun ka indungna, sabalikna upama éta budak tumut kana agéman hirup, anu meunang pamuji téh taya lian bapana.

Hal di luhur beuki tembrés karasana upama urang nangetan deui pamadegan sabaraha pilosof, upama waé Aristoteles anu nyebutkeun yén wanita téh mangrupa makhluk anu sacara kualitas miboga kakurangan. Thomas Aquinas nyebutkeun yén wanita téh lalaki anu teu sampurna, sarta Sigmund Freud ngangukarakeun yén séksualitas wanita diwangun tur muncul alatan rasa timburu kana zakar lalaki. Éta ungkara-ungkara téh mangrupa cap anu dtibankeun ka wanita kalawan teu maliré kana kahakikiannana, tapi kalah magedrugkeun jeung sifat lalaki.

Ayana *jenis kelamin* lalaki jeung wanita téh mangrupa *order alami* sarta sunatullah, sadengkeun nalika muncul kateuadilan *gender*, éta mangrupa hasil proses sosiokultural. Wanita remen ditempat dina posisi domestic luyu jeung mitos kasububuran anu ngawengku pangalaman –pangalaman husus wanita, saperti héd/ménstruasi, ngandeg, jeung ngajuru, sadengkeun lalaki aya dina posisi produktif, diantaranya nanggung jawab pikeun ngabayuan, luyu jeung mitos lingga {tugu}. Éta hal nerap kana gurat hirarkis nu aslna tina matriarkat jadi patriarkat. Déwi {wanita} nu aslna sungapan kahirupan, robah jadi Déwa {lalaki} minangka lambing kakwasan jeung panyalindungan kahirupa.

Kajadian nu teu éleh katirna ngeunaan nasib wanita nyaéta dina zaman karajaan, anu remen ngalakukeun ékspansi wilayah {nyorobot nagara deungeun} sarta rebutan kakawasaan. Dina éta jaman, wanita téh teu leuwih ti barang gonimah atawa rampasan perang. Hiji karajaan panjajah miboga hak pikeun mibanda wanita-wanita di daerah jajahanna, ti mimiti puteri di kaputrén népi ka mojang-mojang désa. Alexander The Great remen pisan nyokot setir ti wilayang kakawasaannana sarta remen ogé ngawinkeun tantarana ka wanita di daérah jajahanna. Kitu deui sababaraha raja di Nusantara, ngarasa kurang sugema jeung kurang kawasa mun ukur boga hiji praméswari. Kajadian kitu tah terus meuweuh népi ka jaman kabupatian, utamana abad 19 népi ka awal abad 20 masehi. Jaman harita mah bupati téh wenang pisan kagungan istri leuwih ti hiji, ditambah selir nu aya kalana jumlahna puluhan, népi ka nélah aya istilah garwa padmi, garwa alit, jeung parékan {selir}.

Dina karya sastra, romantika kahirupan sarupa kitu téh diantaranya kapanggih dina *Nyi Karsih* karya Tini Kartini. Nyi Karsih mojang kampung, kapaksa kudu milu ka ma Ani {nu geus tiheula ngabdi di kabupatén} alatan lémburna ditarajang halodo anget nu ngabalukarkeun paceklik. Teu ku heunteu, ti lembur nyingkahan tunggara téh lain tinemu jeung karahayuan, tapi kalah nambah katideresa alatan kahormatannana kalandep {dogadabahy} ku Dalem {bupati}.

Mojang nu sakitu polos tur taat kana agama téh ahirna luluasan kabur ti kabupatén sabab ngarasa wiring tur dosa ka Pangeran, nu ahirna ngababatang nyelap dina batu walungan.

Dina ieu carita, Nyi Karsih mangrupa ébréhan nasib wanita nu teu walakaya, boh nyanghareupan gangasna alam {halodo jeung paceklik}, boh nyanghareupan hégémoni atawa ranggeuman kakawasaan. Pangarang éstu saujuratna ngahadirkeun kajadian baheula dina wangun carita tanpa méré sawangan kumaha kuduna sikep nu dilakukeun ku Nyi Karsih. Dina ieu hal, Nyi Karsih ukur jadi pigur korban anu tan ngalawan. Sagala katugenah jeung pangrobéda ka dirina ukur dikemu anu satuluyna jadi cucuk dina kahirupannana. Ku eta hal teu katangen ayana ajén idéalismeu wanita nu kagambar dina ieu carita. Béda pisan kajadiannana jigana upama Nyi Karsih dibéré tanaga pikeun baruntak atawa ngalawan, boh sacara fisik boh géraakan moral, komo upama népi ka bisa ngaburantakeun kabiasaan gunta ganti wanita di lingkungan kabupatén mah. Dunya nu diciptakeun ku pangarang pikeun Nyi Karsih éstu geus natrat, saperti lalakon jaman kabupatén baheula, anu teu pisan mere lolongkrang ka kaom somah pikeun nangtukeun sikepna.

Karakter wanita sejenna kaungkab dina *Arca* karya Ningrum Djulaeha. Asti digambarkeun ku pangarang minangka wanita nu boga pamulu, ulat, sikep jeung paripolah anu mencog kacida, boh disawang tina norma moral, kitu deui tina jihat papagon agama. Sakuduna mah salaki rék indit-inditan téh disayogikeun sasarapna, dijugjrugeun bawaannana, boh salin boh nu liana, ieu mah kalah siga nu teu miroséa. Sakuduna mah deuih sakalieun palesiran keur pakansi téh resep mawa ulin budak, ieu mah bét kalah jiga nu ijid dikikintil ku anak sorangan téh. Nu pangcodékana mah deuih manéhna luas milampah nirca jeung Seno nalika salakina keur mancén kaluar negri. Sipatna nu leumpeuh yuni, katambah garingan waé, ngabalukarkeun fisik jeung méntalna bengker, atuh nalika ditimpa rupa-rupa pasualan téh gampang pisan nyasaak kana pikirannana, antukna leungit kasimbangan. Di sisi balong ambékanana pégat sapisan, ngabanusan disaksian arca Banaspatih jeung Calon Arang.

Dina ieu carita ogé, pangarang téh leuwih pogot mapatahan jeung népikéun amanatna, batan méré gambaran ngeunaan ajén idéalismeu wanita atawa sikep liana anu kudu dipilampah ku tokoh wanita (dina éta carita), malah bisa disebutkeun ogé yén pangarang téh némbak teuing népikéun amanatna, padahal pan teu dikitikeun ogé geus bisa dipastikeun, yén kalakuan saperti Asti mah geus tangtu baris nimbulkeun realis antipati ti nu maca, da memang éta pisan pesen moralna.

Leuwih ti éta, sikep pangarang ogé karasa pisan beurat sabeulahna. Apanan Asti milampah nirca téh henteu sosorangan (da lain mastubasi), tapi aya layanna nyaéta Séno. Tapi naha atuh anu kudu nandangan balukarna, boh pisik boh psikis ukur Asti, sedengkeun Séno mah dimerdékakeun/dibébaskeun. Boa-boa lebah dieu mah pola pikir pangarang téh kapangaruhan atawa didikté ku réalitas kahirupan sapopoé anu geus biasa neumbleuhkeun sagala kagoréngan, hususna anu ngalibétkeun hubungan antara lalaki jeung wanita, anu négatifna sok ditajongkeun ka wanita. Geura wé titenan kasus pancarahan, apanan anu disebut pelacur téh ditujukeun ka wanita, népi ka aya istilah WTS (wanita tuna susila), sedengkaeun lalakina mah damang wé. Kitu deui istilah-istilah sejénna saperti : bayur, pérék jeung nu liana, éta téh pakeun wanita.

Béda jeung dua carita di luhur, dina *puputon* karya Aam Amilia, sikep dua wanita téh (Mamay jeung Astri) geus bibeungkeut ku rasa sabilulungan, sanajan munculna rada telat (nungguan meneran dina sabab akibatna carita). Disebut kitu sotéh pédah waé dina awal carita mah, nasib wanita téh sarua waé, teu weléh dikakaya. Mamay kudu tumarima jadi nu ngora (istri kadua Ismét), bari jeung hate leutikna mah kasiksa, alatan bias babarengan jeung salaki téh mun keur dikilir, kitu ogé maling-maling ti nu kolot, malah basa ngajuru pisan, kapaksa kudu nandangan kanyéri antara hirup jeung paéh sosorangan, da teu ditungkulan ku salaki. Kitu deui

Astri, sanajan manéhna rumasa boga kakurangan nyaéta gabug, tapi ari kudu didua mah keheulaanan, matak basa manéhna apal yén orok nu dibawa ku Ismét ka imahna téh anak ti maruna, kacida pisan haténa leyur. Nu asalna bungah kacida, (eukeur-eukeur teu boga anak, kari-kari Ismét mawa orok bari nyebutkeun paméré ti babaturanna), tapi barang nyaho yén éta téh anak salakina ti nu ngora, lain wae hatena mentegeg, tapi ngarasa dibohongan anu taya hinggana, alatan salaki nu salila ieu dianggap nyaah jeung satia pisan kadirina, tétéla geuning gedebul.

Dina alur carita, rupa-rupa konflik batin antara tokoh-tokohna mah baé népi kana misi-misi feminismeu, upamana waé rasa sabilulungan antara sasama wanita, sanggup mandiri tanpa gumantung ka salaki, miboga hak anu sarua jeung lalaki, jeung anu liana, ngan tadi ogé disebutkeun, hanjakal pisan dina awal carita geus diruntagkeun mantén ku kajadian Mamay anu léah didua. Kitu deui sikep Astri anu sadar sasadar-sadarna yén manéhna téh gabug, tapi ari kudu boga maru mah cadu. Nya lebah dinya pisan sikep Astri anu hadé kacida téh, ngan hanjakal sikep satuluyna bét jadi ngagéjlok, manéhna jadi boga pamadegan yén batan dipangnyandungkeun mah leuwih hade pipirakan padahal matak naon upamana, batan dipangnyandungkeun leuwih hadé ménta diserahkeun, tuluy kawin deui.

Nilik kajadian dina tilu carita diluhur, hadirna wanita dina karya sastra téh bisa ngawengku dua hal, kahiji, ngungkarakeun nasib anu tumiba ka dirina saperti nasib Nyi Karsih dina *Nyi Karsih*, Asti dina *Arca*, Mamay jeung Astri dina *Puputon*. Kadua, ngajengglengkeun sikep idéal nu kudu dipilampah ku wanita saperti anu dilakukeun ku Mamay jeung Astri dina *Puputon* bagian ahir.

Tina gambaran di lihur tétéla yén nasib wanita anu diwayangkeun ku pangarang wanita téh geuning teu jauh sedna tina réalitas kahirupan sapopoé, yén wanita geus ngalanggan nandangan katideresa. Dina éta hal, alam pikiran wanita geus méré takeran kana nasibna sorangan, malah diparalélkeun jeung kanyataan sapopoé, yén wanita remén pisan dimarjinalkeun sarta nyicingan posisi anu interior (diinferiorkeun) pisan.

*Dimuat dina *Galura*, Edisi 02/Taun 14.